**दिन—मंगलवार** **दिनांक—23.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक दोसर चरण लेल प्रदेशक पांच संसदीय क्षेत्र किशनगंज, कटिहार, पूर्णियां, भागलपुर आ बांका मे प्रचार अभियान काल्हि समाप्त भऽ जायत। एहि कारणे विभिन्न गठबंधन आ राजनीतिक दलक प्रमुख नेता लोकनि अपन—अपन प्रत्याशी के समर्थन मे जोर लगौने छथि। एहि क्रम मे आइ रैली आ रोड़ शो कऽकऽ भोटर के अपना पक्ष मे भोट देबाक अपील कयलनि। दोसर चरणक मतदान छब्बीस अप्रील के होयत।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ रक्षामंत्री राजनाथ सिंह एखन भागलपुरक कहलगाँव में एनडीए प्रत्याशी अजय मंडलक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कऽ रहल छथि। दोसर दिस जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ किशनगंज मे पार्टी प्रत्याशी मुजाहिद आलमक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। सभा के संबोधित करैत ओ राजदक कुशासनक स्मरण करबैत कहलनि जे इंडी गठबंधन के भोट देबाक मतलब जंगलराज के बढ़ावा देबाक अछि। श्री कुमार आइ पूर्णिया आ कटिहार मे सेहो चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। दोसर दिस राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कटिहारक आजम नगर मे कांग्रेस प्रत्याशी तारिक अनवरक समर्थन मे एक जनसभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे संवैधानिक मूल्य के बचेबाक वास्ते ई चुनाव अछि।

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरण लेल राज्यक पांच संसदीय क्षेत्र झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया मे कुल चौवन उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। काल्हि नाम वापसी के अंतिम दिन कोनो प्रत्याशी अपन नामांकन पर्चा वापस नहि लेलनि।

---

लोकसभा चुनावक चारिम चरणक अंतर्गत दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर संसदीय क्षेत्र मे नामांकन पत्र भरबाक काज मे तेजी आबि गेल अछि। आइ पंद्रह

नामांकन भेल। उजियारपुर लोकसभा क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी नित्यानंद राय आइ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। ओम्हर, मुंगेर संसदीय क्षेत्र सँ इंडी गठबंधनक उम्मीदवार राजदक कुमारी अनीता अपन नामांकन पर्चा भरलनि। बेगूसराय संसदीय क्षेत्र सँ मोहम्मद शाहनवाज हसन आ रामबदन राय निर्दलीय प्रत्याशीक रूप में नामांकन दाखिल कयलनि। एहि संसदीय क्षेत्र लेल नामांकनक अंतिम तिथि पच्चीस अप्रील अछि। छब्बीस अप्रील के नामांकन पत्रक जांच होयत आ उन्नतीस अप्रील धरि उम्मीदवार अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। मतदान तेरह मई के होयत।

———————————————————————————————

कांग्रेस पार्टी बिहारक छओ बचल संसदीय क्षेत्र सँ अपन उम्मीदवारक नामक घोषणा कऽ देलक अछि। पार्टी सासाराम सँ मनोज कुमार पश्चिम चंपारण सँ मदन मोहन तिवारी, मुजफ्फपुर सँ अजय निषाद, महाराजगंज सँ आकाश प्रसाद सिंह आ समस्तीपुर सँ सन्नी हजारी के चुनावी मैदान मे उतारलक अछि। आइ पार्टी दिस सँ कांग्रेसक महासचिव केसी वेणुगोपाल एक विज्ञप्ति जारी कऽ कहलनि जे पटना साहिब संसदीय क्षेत्र सँ डॉक्टर अंशुल अभिजीत पार्टीक उम्मीदवार हेताह। श्री अभिजीत पूर्व लोकसभा अध्यक्ष मीरा कुमारक पुत्र छथि।

———————————————————————————————

दरभंगाक जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी राजीव रौशनक निर्देश पर संसदीय क्षेत्र मे लोक सभ के मतदाता पर्ची उपलब्ध करेबाक लेल आइ आ काल्हि शिविर लगाओल जा रहल अछि।

झंझारपुर लोकसभा क्षेत्र मे आगामी सात मई के होबयवला मतदान के लऽकऽ भारत–नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि।

———————————————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ अठारह सय सनताबनक प्रथम भारतीय स्वतंत्रता संग्रामक महानायक बाबू वीर कुवर सिंह के हुनक विजियोत्सव पर स्मरण कऽ रहल अछि। एहि अवसर पर पटनाक आजादी पार्क मे आयोजित राजकीय समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। ओम्हर, बाबू वीर कुवर सिंहक कर्मस्थली भोजपुरक जगदीशपुर किला मे सेहो विशेष आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर

जिलाधिकारी महेन्द्र कुमार आ पुलिस अधीक्षक नीरज कुमार सिंह हुनक प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग से प्राप्त जनतबक अनुसार सिवान, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, नालंदा, गया, शेखपुरा समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम उष्ण दिवसक स्थिति बनल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे एकतालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस तापमानक संग सीवान जिलाक जिरादेई सभ सँ गर्म स्थान रहल। हमर दरभंगा संवाददाता कहलिन अछि जे कड़गर रौद सँ जनजवीन प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–पूर्व भाग अगिला चारि दिन धरि भीषण उष्ण दिवसक चपेट मे रहबाक सम्भावना अछि। एहि क्रम मे लू चलबाक आशंका के लऽ कऽ किछु ठाम लेल ऑरेंज अलर्ट आ किछु ठाम लेल येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।